

# Ranplasman Pon Basiliere



## Kisa Pwojè Ranplasman Pon Basiliere a ye?

Pon Solda Premye Klas Ralph T. Basiliere (PFC) travèse Rivyè Merrimack ki nan sant Haverhill. Yo te konstwi l nan ane 1925, kidonk pon an prèske gen 100 ane. Depi nan ane 1972, li te pote non PFC Basiliere, premye viktim Lagè Vyvetnam lan nan Haverhill. Menmsi li pa yon danje, pon an rive nan fen dire vi itilite li. Tout pati li yo montre siy epuizman prèske yon syèk sèvis epi yo dwe ranplase estrikti a. Nan ane 2022, MassDOT te kòmanse ap travay sou konsepsyon yon nouvo pon – ki se katriyèm pon ki travèse Merrimack nan zòn sa a.

## Yon Nouvo Pon

Apati sezon ete 2024 la, MassDOT ap travay sou Demann pou Pwopozisyon (RFP) yo pral mete disponib pou ekip konsepsyon oswa konstriksyon an nan fen ane a. Ranplasman pon an reponn ak objektif ajans lan paske li:

- **Ka konstwi pa faz, ak trafik k ap kontinye pandan konstriksyon an**
- Reponn ak bezwen sikilasyon an aktyèlman ak nan lavni
- Amelyore kondisyon pou moun monte bisiklèt ak mache sou pon an
- Amelyore kalite dlo Rivyè Merrimack River la
- Pèmèt bato kontinye navige pandan ak apre konstriksyon an
- Diminye enpak sou pwopriyete ki toupre l yo
- Pral sipòte sèvis publik yo pandan konstriksyon an
- Bay opòtinite pou itilizayon metòd konstriksyon akselere pou redwi enpak konstriksyon yo
- Bay yon aparans ki sanble ak pon ki egziste deja a pandan li konsidere avni Haverhill



*Akad nouvo pon Basiliere yo sanble ak akad pon jodi a yo*

## Rekonstwi yon Moniman Lokal

Pon Basiliere a se yon senbòl Haverhill. Gen kèk vèsyon foto li ki sou sit entènèt Vil la ak sou inifòm Depatman Ponpye lokal la. Epitou chanm Komès Greater Haverhill ak Latino Coalition itilize yon foto pon an nan logo yo. Nouvo pon an se rezulta yon travay nan tèt kole ant MassDOT ak kominate Haverhill la pou yo pwodui yon estrikti ki reflete kominate kote li ye a epi ki kapab yon sous fyète pou li menm jan pon ki genyen aktyèman se yon fyète. Eleman prensipal pon ranplasman an se rezulta dirèk travay nan tèt kole sa a ki genyen ladan:

- Yon aparans vout ki sanble ak pon ki egziste deja a

# Ranplasman Pon Basiliere

- Ekleraj anba pon an ki mete aksan sou vout pon an yo nan aswè.
- Gwo Limyè vètikal ki sanble ak gwo poto pon ki genyen aktyèlman epi ki ka limen nan aswè
- Yon zòn nan mitan pon an pou moun chita ki fè pyeton yo anvi repoze epi pran plezi nan gade rivyè a
- Yon pati transvèsal ki gen kat (4) vwa ki byen klè ak enstalasyon pou bisiklèt ak pyeton apa.
- Itilizasyon twati gwo poto pon ki egziste deja yo nan Pak Ray Tren Bradford la ankò.

## Soti nan Konsepsyon rive nan Konstriksyon

Yo pral sèvi ak metòd konsepsyon/konstriksyon an pou konstwi nouvo pon an. Ak metòd reyalizasyon pwojè sa a, MassDOT devlope yon konsèp debaz. Apre, kontraktè yo travay ak konpayi jeni yo, epi yo fòme ekip konsepsyon/konstriksyon. Ekip sa yo soumèt kalifikasyon yo pou apèl dòf pwojè a bay MassDOT. Y ap bay ekip konsepsyon/konstriksyon ki ofri pi bon kombinezon kalite ak pri a pwojè a, epi l ap responsab konsepsyon ak konstriksyon estrikti a. Yo detèmine pi bon kombinezon kalite ak pri a lè yo jòje apwòch teknik yon ekip ak pri li mande a. Konsepsyon /Konstriksyon an ofri avantaj inovasyon nan konsepsyon ak konstriksyon. Lè kontraktè a antre nan pwojè a pi bonè nan pwoesisis la an jeneral, konstriksyon an ap kòmanse pi bonè, epi sa a ap pèmèt yo fini pwojè a pi vit.



MassDOT prevwa konstriksyon an pral kòmanse nan fen ane 2025 lan epi l ap dire apeprè sis (6) ane edmi. Yo atann enpak sou sikilasyon an, tankou rediksyon vwa yo sou pon an oswa chanjman nan entèsekson ki akote l yo pral dire sis (6) ane. Omwen yon vwa nan chak direksyon ak yon twotwa pral rete disponib pandan tout konstriksyon an.

## Sansibilizasyon Piblik la Ap Kontinye pandan Konstriksyon an

Pon Ranplasman PFC Ralph T. Basiliere a se rezulta yon pwoesisis piblik la konnen epi ki fèt etap pa etap kote piblik la patisipe. Anvan Odyans Piblik sou Konsepsyon an nan dat 29 me 2024, MassDOT te fè de (2) reyinyon enfòmasyon piblik, de (2) atelye piblik, epi li te rankontre dirèkteman ak gwoenpòtan lokal pwojè a konsène.

Sansibilizasyon piblik la ap rete yon pati enpòtan nan pwojè a pandan tranzisyon pou rantre nan konstriksyon an. Manm kominote Haverhill yo ka prevwa pral genyen yon reyinyon enfòmasyon piblik debaz nan kòmansman pwojè a ki pral eksplike kijan ekip konsepsyon/konstriksyon an pral planifye pwojè a, mezi yo pral pran pou sikilasyon an ka kontinye pandan konstriksyon an, kijan yo pral respekte angajman anviwònman yo, ak plis ankò. Yo pral bay mizajou regilye pandan konstriksyon an pou rezidan yo ka kontwole pwogrè pwojè a epi pou yo ka konnen kisa pou yo atann akoz aktivite konstriksyon yo.

## Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Tanpri ale sou sit entènèt pwojè a ki pi ba a pou ou jwenn plis detay, pou ou ka enskri pou mizajou ak alèt pa imel yo, epi pou ou ka wè dènye resous yo sou Pwojè Ranplasman Pon Basiliere a.

Sit entènèt pwojè a se [www.mass.gov/basiliere-bridge-project-haverhill](http://www.mass.gov/basiliere-bridge-project-haverhill)  
 Imel pwojè a se [haverhillbasilierebridge@dot.state.ma.us](mailto:haverhillbasilierebridge@dot.state.ma.us)

